



PWOSÈ VÈBAL REYINYON ADISTANS KOMITE BOSTON SCHOOL

2 fevriye 2022

Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon adistans le 2 fevriye 2022 a 5 pm sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki endike anba la yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye yon imèl bay feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl yo ki prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Reprezantan Elèv Altènatif Tiffany Luo.

Manm Komite Lekòl yo ki absan: Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv Xyra Mercer.

DOKIMAN PREZANTE

Ajenda

Pwosè vèbal reyinyon: 26 janvye 2022

Memo Nominasyon pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè

Memo Bidjè Direktè jeneral la pou egzèsis FY23 pou Komite Lekòl la

Prezantasyon bidjè ki pwopoze pou FY23

Prezantasyon Pwopozisyon Bidjè pou FY23 Deklarasyon sou efè nan domèn ekilib

Lòt Dokiman sou Bidjè FY23

2 fevriye 2022

MANDE POU KÒMANSE

Prezidan Jeri Robinson te mande pou reyinyon an kòmanse epi li te dirije sèman fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl la. Mesye Tran ak Madam Mercer te absan. Mesye O'Neill ak Madam Lopera te rantre nan reyinyon an tousuit apre apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a t ap retransmèt an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou televizyon Boston City Li pral afiche tou sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse gen sèvis entèpretasyon similtane ki disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Cabo Verde, Vietnèm, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè yo chanje chanèl Zoom nan. Yo te afiche dokiman reyinyon yo te tradui yo sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an te kòmanse.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL YO

Apwouve – nan apèl la, tout Komite a te apwouve pwosè vèbal reyinyon Komite Lekòl 26 la an janvyè 2022 la.

RAPÒ DIREKTÈ JENERAL LA

Jan sa te prepare pou livrezon an.

Mèsi, Madame Chair, e mèsi tout moun paske nou rejwenn nou aswè a. Nou te antre ofisyèlman nan Sezon Bidjè BPS la, se sou sa prensipalman prezantasyon nou an pral konsantre aswè a. Mwen pral prezante Bidjè BPS FY23 yo pwopoze a pita nan rapò mwen an. Toudabò, mwen pral pataje kèk mizajou ak kèk pwèn ki enteresan. Sepandan, m pral kòmanse rann omaj ak de edikatè nan BPS ki ale twò bonè.

Se avèk anpil tristès m ap anonse disparisyon Marion Fahey, ansyen Direktè jeneral Lekòl Piblik Boston. Pandan manda Madam Fahey kòm direktè jeneral, li te jwe yon wòl enpòtan nan lite pou elimine diskriminasyon nan sistèm eskolè Piblik Boston nan, yon travay enpòtan ki tabli baz pou opòtinite edikasyon ki baze sou ekite, yon bagay jiskaprezan n ap fè efò pou n amelyore. Dènyèmman, Madam Fahey te sèvi kòm ansyen Direktè ak Grefye nan enstitisyon pou epay nan Hingham depi 1992 jiska 2015 lè li te pran retrèt. Li te jwe yon wòl enpòtan nan efò gwoup jesyon ki la kounye a ap fè pou mete yon sant kontwòl nan Hingham, pou asire Bank la t ap rete endepandan epi fonksyone nan enterè pwopriyete li yo ak kominote li a pandan trant ane kap vini yo. Lekòl Piblik Boston ak kominote South Shore pèdi yon chanpyon edikasyon ak nan aksè. Madam Fahey te mouri nan lapè lakay li nan dat 11 janvyè a laj 96 an. Li pral manke nou.

Mwen te aprann byen bonè nan semèn sa a, lanmò youn nan pwofesè retirete BPS nou yo ki te gen anpil respè. Anna Mae Dancy te fè tranzisyon li a nan dat samdi 15 janvyè 2022 a laj 90 an. Li te, jan pitit li yo dekri li "yon vrè modèl Edikatè ak Antrenè." Li te anseye Istwa, Sante ak Edikasyon Fizik pou plizyè milye jèn depi Mississippi pase Missouri rive Massachusetts. Nan

2 fevriye 2022

Massachusetts, li te kòmanse travay li nan BPS nan ane 1967 kòm yon pwofesè ranplasan, annapre, li te vin jwe wòl yon edikatè pèmanan nan anpil nan lekòl nou yo tankou Martin Luther King School, Solomon Lewenberg Middle School, Boston Technical High School ak Madison Park High School. Li te pran retrèt an 1998 apre 31 ane karyè edikasyon nan BPS. Nan mwa ete yo, li te sipèvizè operasyon pwogram jèn yo nan Norfolk ak Almont Parks nan Mattapan. Pandan tan sa a, li te ede anpil jèn konprann enpòtans pou yo renmen tèt yo, pou yo byen konpòte yo nan mitan moun ansanm ak enpòtans edikasyon genyen. Li te konn bay kou sou fason pou gen bon konpotman nan lekòl atistik nan Roxbury, Massachusetts epi li te angaje nan plizyè kanpay politik. An 1956, li te marye ak James Dancy Sr., epi nan inyon sa a sèt timoun te fèt, yo tout te vin tounen Edikatè, Avoka ak Sèvitè Piblik. Kèk ladan yo te kontinye travay tou pou distri a, tankou ansyen direktè lekòl segondè Madison Park, Doktè Deborah Dancy. Li te elve pitit li yo pou yo vin responsab, respekte, fò, apresye lavi ak gen diyite. Malgre mwen pa t gen chans rankontre Madanm Dancy, mwen konnen enfliyans li sou anpil nan edikatè nou yo ak nan kominote BPS la an jeneral. Mwen ta renmen voye kondoleyans sensè mwen bay fanmi Dancy, ak tout moun ki te enterese nan lavi li. Panse m ak priyè m yo ap akonpaye w pandan w ap sonje epi selebre bèl fanm sa a ki te anseye ak pran swen anpil nan pitit nou yo. Kounye a, mwen pral ale nan pati nan rapò mwen an ki rezève pou pwen enpòtan yo.

Mwa fevriye a reprezante demaraj anpil selebrasyon nasyonal atravè peyi Etazini. Anpil nan nou patisipe nan Sen Valanten, lè montre lanmou ak afeksyon anvè moun ki pwòch nou yo. Gen lòt moun ki konsidere Super Bowl Dimanch kòm yon gwo selebrasyon, ankouraje ekip yo pi renmen yo pou yo reyisi. Nan menm sans selebrasyon an, mwa fevriye a tou inogire kòmansman mwa Istwa Nwa yo. Mwen ta renmen pataje yon ti kras sou orijin li yo. Mwa Istwa Nwa yo, yo rele yo tou Mwa Istwa Afriken Ameriken, se yon selebrasyon ki dire yon mwa Ozetazini, epi li konsidere kòm yon chans pou selebre siksès Nwa yo epi raple pou fè yon bilan sou kote rasis sistemik la te kontinye rete, bay vizibilite ak moun ak òganizasyon ki favorize chanjman. Premye Mwa Istwa Nwa yo te kreye an 1926 Ozetazini, lè istoryen Carter G. Woodson ak Asosyasyon Etid Lavi ak Istwa Nèg yo te anonse dezyèm semèn fevriye a se " *Semèn Istwa Nèg* ". Semèn sa a te chwazi paske li te koresponn ak anivèsè nesans Abraham Lincoln nan dat 12 fevriye ansanm ak Frederick Douglass nan dat 14 fevriye, tou de dat kominote nwa yo te selebre ansanm depi fen 19yèm syèk la.

Li enpòtan pou sonje yo te chwazi tou mwa Fevriye pou Mwa Istwa Nwa yo kòm Jounen Libète Nasyonal, sa ki make siyati 13yèm Amanman nan Konstitisyon Ameriken an, ki te entèdi esklavaj nan dat 1ye fevriye 1865. Kongrè Ameriken nou an te adopte yon pwojè lwa an 1947, epi Prezidan Harry S. Truman te siyen an 1948, 1ye fevriye se yon dat selebrasyon ofisyèlman deziyen an Amerik pou Nwa Ameriken yo. Pou premye fwa, edikatè nwa yo te pwopoze Mwa Istwa Nwa yo ak Black United Students nan Kent State University nan mwa fevriye 1969. Premye selebrasyon Mwa Istwa Nwa a te fèt nan Kent State yon ane apre, soti 2 janvyè rive 28 fevriye 1970. Si gen nenpòt edikatè ak elèv k ap koute aswè a, mwen vle ou konnen ou gen pouvwa pou kreye lide ki pral chanje monn nan pou ane k ap vini yo. Sis ane apre, Mwa Istwa Nwa yo t ap selebre toupatou nan peyi a nan enstitisyon edikatif yo, nan sant pou kilti Nwa ak sant kominotè yo, gwo kou piti, lè Prezidan Gerald Ford te rekonèt Mwa Istwa Nwa yo an 1976, pandan selebrasyon Bisantnè Etazini an. . Li te envite Ameriken yo pou " *sezi opòtinite pou onore reyalizasyon Nwa Ameriken yo, ki twò souvan neglije, nan tout domèn aktivite atravè listwa nou an* ."

2 fevriye 2022

Mwen ta renmen swete chak moun ki desandan afriken k ap viv an Amerik, yon bon Mwa Istwa Nwa. Malgre ke eksperyans Nwa yo nan peyi Etazini an te ranpli ak dezakò ak lit, li se tou yon eksperyans ki ranpli ak yon eritaj ki rich ak rezistans. Mwen fyè dèske mwen se yon reprezantan eritaj sa a, epi mwen espere pataje l nan anpil evènman nou pral òganize nan BPS yo ak nan Biwo Santral mwa sa a, ki gen ladan elèv ki nan Orchard Gardens K-8 ki pral fè videyo biyografi ki kout sou pèsonaj ki enpòtan nan Istwa Nwa yo ki pral transmèt nan Boston 25 News ak Crystal Haynes pandan tout mwa fevriye.

Epitou, Biwo pou Ekite, Estrateji pou inegalite chans yo ap òganize de evènman Mwa Istwa Nwa yo nan mwa sa a pou elèv yo, fanmi yo ak tout kominote BPS la jan yo montre sou ekran w la, de evènman k ap fèt jedi 10 fevriye ak yon konvèsasyon ki chofo ak Manm Kongrè Ayanna Pressley nou yo nan dat 17 fevriye. Si w enterese patisipe nan nenpòt nan evènman sa yo, tanpri voye yon imèl nan strategie@bostonpublicschools.org. Anfen, asire w ou make kalandriye w yo pou yon lòt evènman nan Jedi 17 fevriye a 7 pm, lè www.bpsarts.org pral yon omaj an dirèk pou Mwa Istwa Nwa ak dans nan Boston Arts Academy, DEAFinitely Dance Crew ki soti nan Horace Mann. School for the Deaf and Hard of Hearing, O'Bryant High School Hip-Hop Collective, the English High School Step Team ak plis ankò!

1ye fevriye tou make kòmansman yon lòt selebrasyon ak sezon selebrasyon kiltirèl. Pou tout manm dyaspora sou zile Azi ak Pasifik k ap selebre, mwen swete nou yon Bon Ane Linè! Ane sa a selebre Ane Tig la, yon bèl bèt yo rekonèt pou gwo kapasite li yo, kouraj ak anbisyon. Pandan tig yo anbisyè, yo se bèt tou ki trè jenere ki gen volonte pou ede lòt. De dènye ane sa yo te trè difisil pou nou tout pèsonèlman ak kolektivman. Espwa mwen se paske w pral antre nan Nouvèl Ane Linè sa a ak anbisyon pou kontinye pouse pi devan nan moman difisil sa yo, epi ak kouraj pou montre w nan pi bon jou w chak jou. Pandan Tig yo se bèt trè endepandan, yo fè pati tou gwo monn animal la epi yo konte sou lòt bèt yo pou yo viv. Pandan n ap antre nan nouvo ane sa a, sonje pou w konte sou kamarad ou yo ak anpil bèl edikatè e ki briyan w genyen depi w gen bezwen sa. Kòm mwen toujou di, nou pi bon lè nou tout ansanm! Li pafè pou n ap selebre yon bèt tankou Tig ane sa a, paske mwen ta renmen mande nou chak pou nou antre nan nouvo ane sa a avèk kouraj e ak anpil ambisyon, pandan n ap sonje tou pou nou janti epi jenere ak kanmarad ou yo, pwofesè yo ak moun ou renmen yo. Se pou nou tout tounen Tig ane sa a, epi viv san konplèks ak kouraj, fòs ak anbisyon pou kontinye travèse moman difisil sa yo. M ap tann pou tande epi wè foto ak videyo tout selebrasyon ki fèt atravè BPS la ant kounye a ak 15 fevriye, ak kèk nan pèfòmans atis nou yo ki gen talan. M ap tann sitou pou m wè yon videyo bèl dans lyon tradisyonèl la. Nou pral pataje foto ak videyo selebrasyon Nouvèl Ane linè sa yo sou divès platfòm rezo sosyal nou yo toutpandan y ap vin jwenn nou. Nou te deja pataje videyo selebrasyon yo nan Mather School la, epi n ap tann videyo yo nan Josiah Quincy School la. Ankò, nou swete yon jwaye nouvèl ane lalin a tout moun ki selebre l. Swete nou tout bonè ak pwosperite nan Ane Tig la!

Pwochen gran pwèn sa a pèsonifye pouvwa pèsistans ak yon konsantrasyon san fay sou yon sèl objektif, malgre sikonstans pèsonèl ou. Mohamed Abanoor se yon ansyen elèv nan Horace Mann School pou moun ki soud ak moun ki mal pou tande yo epi li se yon gradye nan pwomosyon 2019 lekòl la! Objektif Mohamed se te pou li vin yon ofisye lapolis nan vil Boston. Malerezman, se pa tout moun ki te kwè li te kapab rive fè li paske li soud. Sepandan, tankou pifò moun ki gen kè yo ak lide yo fikse sou yon rezilta, Mohamed te rive wè objektif li jiska lafen. Mwen kontan anpil pou m anonse ke Depatman Lapolis Boston te fèk anboche l kòm yon kadè nan Polis! Sikèsè

2 fevriye 2022

li a te soti nan lafwa san fay li nan kapasite l ak efò ekstraòdinè l malgre limit kwayans lòt moun yo. Mohamed, mwen tèlman fyè de ou. Istwa Mohamed la se yon enspirasyon pou nou tout e li raple nou ke kèlkeswa obstak ki kanpe nan wout nou, nou pa ta dwe janm abandone rèv nou. Pou enkwayab anplwaye BPS nou yo ki ankouraje elèv nou yo nan reyalize rèv yo, mwen remèsye w pou efò w ap fè pou kiltive jenerasyon jèn ki pa sèlman moun k ap reve, men ki se moun k ap reyisi. Kontinye briye nan travèse santye a, Mohamed, epi mèsèsi davans paske w pwoteje nou ak Vil Boston nan nouvo wòl ou! Kounye a mwen pral ale nan mizajou distri a.

Kòm ou ta ka wè, medya yo te ekri sou done gradyasyon nou yo pandan kèk ane ki sot pase yo baze sou odit nan vil la. Pwoblèm lan soti nan ane 2014 e li konsantre l sou dokiman espesifik yo dwe ranpli lè yon elèv ap kite distri a. Pousantaj gradyasyon yo kalkile dapre yon gwoup elèv ki antre nan 9yèm nan yon ane yo bay. Pandan kat ane yo nan lekòl segondè, gen elèv ki vini e ale nan gwoup sa a, pou plizyè rezon, tankou lè yo transfere ant lekòl ak distri yo, oswa deplase ant eta ak peyi yo. Si yon elèv kite gwoup la pou nenpòt ki rezon, Distri a dwe gen sa a dokimante nan dosye - dokiman yo telechaje epi kenbe nan dosye lekòl la. Limit lan pou sa ki aksepte kòm dokimantasyon akseptab fikse nan yon nivo trè wo, ki ka fè li pratikman difisil pou pwodwi yo. Li kapab difisil pou rive jwenn elèv ki te kite distri a. Sa a mande yon siveyans konstan, bon nimewo telefòn, ak anpil swivi pou rive jwenn dosye yo nan men lòt distri lekòl yo.

Ekip mwen an ap travay pou abòde pwoblèm sa a nan bay lòt konsèy ak asistans teknik pou lidè lekòl yo epi swiv pwoblèm yo pou asire done nou kolekte epi rapòte yo egzat. Nou pran angajman pou nou suiv lalwa a epi pou nou rann tèt nou responsab pou rapò yo egzat. Oditè yo revize yon ti echantiyon dosye chak ane - apeprè 50 a 60 elèv nan gwoup gradyasyon an sou 4,000 elèv yo. Echantiyon an pa fèt yon fason pou li valab estatistikman. Oditè yo te idantifye kèk pwoblèm pou yon baz 7 elèv epi rive nan nivo 32 elèv nan nenpòt ki ane. Paske pousantaj gradyasyon yo baze sou yon gwoup elèv ki antre nan klas 9yèm ane ansanm, epi nou te wè elèv k ap antre ak soti nan gwoup sa a, li ka difisil pou fè estime kijan si yo manke dokiman pou yon ti ponyen elèv ta rive gen enpak sou yon pousantaj gradyasyon oswa moun ki abandone. Mwen rekonesan anvè lidè lekòl yo, edikatè yo, ak estaf la ki travay sere sere ak elèv nou yo pou kenbe yo angaje epi jwenn chemen gradyasyon ak chak elèv endividyèlman. BPS kontakte chak elèv pou diskite sou plan yo epi travay ak yo pou yo rete nan lekòl la epi sou wout yo pou yo ka gradye. Pandan pandemi an, travay sa a te pran plis enpòtans e mwen fyè de efò pwolonje ke anpil edikatè te fè pou rive jwenn elèv yo epi sipòte yo pou yo rive nan liy final lan. Nou rekonèt travay di etidyan ak edikatè nou yo e mwen toujou fyè de chak elèv nou yo ki te resevwa diplòm yo.

Kòm ou konnen sa deja, aktivite atletik ak pèfòmans atizanay yo rekòmanse depi apre ti poz tanporè nou te oblije obsève pandan n ap travèse vag Omicron an. Apati lendi 31 janvyè a, nou te pwogrese pou rive pèmèt yon kantite limite espektatè nan evènman atletik yo. Pral gen yon limit de spektatè otorize pou chak atlèt elèv pou tout evènman atletik nan enstalasyon BPS yo jiskaske nou resevwa plis konsèy ki pèmèt pou ogmante kapasite spektatè yo. Nou kontinye fè pwogrè nan mitan pandemi an kòm konsekans Varyan Omicron an kòmanse diminye. N ap kontinye mete w ajou ak konsèy kou li vin disponib. Mwen ta renmen rekonèt yon lòt mizajou nan domèn atletik yo. Jodi a se Jounen Nasyonal Fi, Fanm ak Espò! Jounen Nasyonal Fi, Fanm ak Espò selebre reyalizasyon tifi ak fanm nan domèn espò, epi defann aksè ak opòtinite ki egal. Ane sa a make 50yèm anivèsè Tit IX (9), ki te louvri pòt yo pou patisipasyon tifi ak fanm nan espò yo. Antanke yon atlèt fanm mwen menm, mwen toujou fyè pou m wè lespri konpetitif ak kamaradri

2 fevriye 2022

fanm k ap idantifye atlèt nan yon domèn ki istorikman te ekskli nou. Anplis de sa, sezon Winter City Championship la te kòmanse yè ak Indoor Track & Field epi BPS te genyen viktwa!

Felisitasyon a chanpyon 2022 Indoor Track & Field City yo

- Ekip atletik tifi yo ki soti nan Boston Latin Academy
- Ekip atletik ti gason yo ki soti nan O'Bryant

Mwen tèlman fyè de nou! Kontinye fè BPS fyè! Kòm yon dènye aktyalizasyon nan domèn atletik yo, Chanpyona Vil Natasyon an se demen, Jedi 3 fevriye a 3:30 pm nan Mandela Athletic Complex, pataje pa Madison Park ak lekòl segondè O'Bryant. Yo pral anrejistre Chanpyona a epi afiche l nan yon dat rekile. Nou swete anpil chans a tout elèv nou yo k ap patisipe. Rantre ak trofe a lakay nou!

Kounye a mwen pral ale nan mizajou ki baze sou lekòl yo. BPS pwolonje dat limit enskripsyon lekòl priyorite li a pou klas K0, K1, 6, 7, ak 9yèm ane rive vandredi 4 fevriye sa a. Nou te pran desizyon sa a pou pwolonje dat limit la apre nou te fin revize ak pran an konsiderasyon pousantaj absans la ak tan rekiperasyon ki nesèsè akòz vag varyan Omicron an ki te anpeche kèk efò pou kolekte pandan premye semèn mwa janvyè yo. Tan anplis sa a pral itilize pou swiv fanmi yo ak anplwaye yo, asire aksè ekitab, epi pou nouvo fanmi BPS yo kapap tou kontinye pran randevou pou enskripsyon nan Sant Akèy nou yo. pwosesis chwa priyorite pou klas K0, K1, 6, 7, ak 9yèm ane pral pwolonje yon semèn, jiska 4 fevriye, pou asire nou kapab kolekte tout fòmilè chwa lekòl nan lekòl nou yo. Anplis de sa, nou te voye yon korespondans alekri dirèkteman bay fanmi nou yo konsènan dat limit pwolonje enskripsyon nou an semèn pase a, epi nou te panse pwolongasyon sa a pral bay repons n ap tann yo epi nou wè pwogrè.

Nan rapò semèn pase a, mwen te rapòte reta nan aplikasyon an nan nouvo egzijans vaksen COVID-19 Vil Boston an nan dat 15 janvyè. Yon jou apre dènye rapò mwen an, nou te aprann Tribinal Apèl Massachusetts la te bay yon delè pwovizwa, ki te retade aplikasyon konplè manda sa a pandan y ap pran yon desizyon final. Sa vle di, tout anplwaye Vil la, ki gen ladan anplwaye BPS, ap rapòte kounye a pou yo travay, kèlkeswa sityasyon vaksinasyon an. N ap tann desizyon final tribinal la, epi n ap rete nan negosyasyon ak patnè sendika nou yo konsènan Règleman Vaksen an. Pou anplwaye sa yo ki poko pran vaksen an, nou toujou genyen egzijans tès chak semèn yo an plas. Mwen toujou rekonesan pou 94% nan pèsònèl nou an ki te resevwa vaksen yo, sa ki toujou rete yon etap enpòtan pou asire sante ak sekirite elèv nou yo ak anplwaye nou yo. Jan sa mansyone semèn pase a, n ap kontinye travay ak nenpòt anplwaye ki bezwen plis enfòmasyon oswa sipò pou jwenn yon vaksen. Nou bay pèsònèl nou an anpil valè epi nou pral bay ak sipòte nenpòt anplwaye ki toujou ap ezite. Nou la pou ou.

Kòm manm yo pral sonje sa, nou rapòte ka pozitif konfime nou yo nan COVID-19 bay leta a nan Mèkredi epi mete ajou tablodbò piblik nou an nan Jedi. Nou kontinye wè mouvman pozitif kòm kantite ka rapòte semèn sa a se 431 total, ki gen ladan 331 elèv ak 100 manm estaf. Sa a desann soti nan yon wo nivo 1,787 ka total pandan semèn 6 janvyè a.

Mwen kontan anonse plis investisman nan aprantisaj elèv nou yo ak aksè yo nan teknoloji. Majistra Wu ak Senatè Markey te anonse yon investisman plis pase 12 milyon dola pou pote jistis dijital ak enklizyon bay prèske 23,000 rezidan nan lojman piblik Boston yo, itilizatè bibliyotèk yo, ak fanmi yo ki gen laj nan lekòl la. Nouvo finansman sa a bay aksè gratis nan sèvis ak aparèy band san fil pou ede granmoun aje ak rezidan lojman piblik yo vin sou Entènèt,

2 fevriye 2022

epitou li pral bay lòt Chromebooks pou elèv nou yo pou yo ka pwolonje aksè pi andeyò salklas la.

Sa a se yon lòt rapèl ke BPS ap ANBOCHE! Tanpri vizite sitwèb nou an nan bostonpublicschools.org/jobs pou jwenn yon lis konplè sou wòl ak opòtinite nou gen disponib ak distri a. N ap travay tou pou senplifye pwosesis aplikasyon an, ekri deskripsyon travay ki pi detaye yo, epi ankouraje ouvèti atravè chanèl medya sosyal nou yo. Tanpri imèl infoRCD@bostonpublicschools.org ak nenpòt nan kesyon yo.

Kounye a men moman sa a nou tout t ap tann lan. Aswè a, nou la pou prezante ak prevwa Bidjè Ane Fiskal 2023 la. Ekip Finans BPS la ap travay ak dilijans ak mwen, Ekip Egzekitif nou an, ak patnè nou yo nan Vil la pou prezante yon bidjè ki bay elèv nou yo priorite, ki ankouraje ekselans ak jistis, epi ki byen travay nan plan nou an pou nou ka RETOUNEN an fòs, REKIPERE an byen, ak REIMAJINE edikasyon nan yon mond ki toutan ap chanje. Bidjè Ane Fiskal 2023 pou Boston Public School yo gide pa kwayans ke chak timoun, nan chak salklas, nan chak lekòl merite menm bagay la, e pou kèk elèv istorikman ki pa sèvi yo, gen plis opòtinite pou aprann, grandi ak pwospere. Pandan n ap fè efò pou nou asire jistis nan opòtinite yo epi adopte desizyon kont rasis, yo mande nou pou nou konsantre sou valè nou yo ak fason nou demontre valè sa yo atravè bidjè nou yo.

Bidjè nou pe propoze a gen yon ogmantasyon 40 milyon dola pou ane sa a, pou yon total ou ti jan plis pase 1,3 bilyon dola. Pandan n ap antre nan sezon bidjè FY 23 a, nou gen anpil chans pou nou gen lidèchip Majistra Wu ak administrasyon li an. Majistra a eksprime angajman li pou asire l elèv nou yo gen sèvis ansèyman ak sipò yo bezwen pou atenn tout potansyèl yo. Mwen rekonesan anvè Majistra a ak ekip lidèchip li pou kwayans yo ak devouman yo anvè elèv nou yo, ak patenarya yo nan devlope yon bidjè ki pral adrese bezwen imedya lekòl yo, ak yon plan solid pou siksè alontèm ak soutni tout elèv nou yo, fanmi yo ak anplwaye nou yo. Mwen rekonesan tou pou patenarya ansyen Majistra Walsh ki te premye kwè nan vizyon mwen an pou lekòl nou yo ak nan plan estratejik komite lekòl la - inisye yon premye angajman 100 milyon dola pou twazan ak Majistra Janey, ki te kenbe investisman istorik yo, ak kounye a Majistra Wu ki pral kontinye pratik sa a pou bay distri lekòl la sètitud sou finansman li, espesyalman sou plizyè ane kap vini yo pandan rekiperasyon nou an. Mwen vle remèsye tou tout Konsèy Vil la ki chak ane te pase bidjè BPS la epi ki sipòte elèv nou yo. Mwen espere travay ak tout konseye yo ane sa a, espesyalman, nouvo Prezidan Edikasyon Konsèy Julia Mejia ak Nouvo Prezidan pou Ways and Means Taina Anderson Fernandez, pou pase bidjè sa a ki fè gwo investisman nan rekiperasyon elèv nou yo. Bidjè sa a bati sou de ane ogmantasyon ki ale dirèkteman pou elèv nou yo. Finansman sa a se dabò tou yon ogmantasyon pri ak salè. Li reprezante tou dènye tranch angajman twazan an - yon ogmantasyon \$110 milyon dola an jeneral sou twa dènye ane sa yo. Se finansman lekòl yo bezwen pou asire n elèv nou yo jwenn sa yo bezwen.

Ane pase a, nou te entwodwi yon kad ki ankre nan twa prensip gid: Retounen, Refè, Reimagine. Sa a ap kontinye tankou lantiy ki sèvi pou nou òganize sipò nou pou elèv yo ak lekòl yo. Anplwaye distri nou yo ak lidè enkwayab nou yo te travay di anpil pou n Retounen byen. Nou dwe kontinye investi tou nan fason elèv ak lekòl nou yo Reprann an fòs. Retablisman akademik pou elèv nou yo - ak yon konsantrasyon espesyal sou moun ki pi nan bezwen yo - se youn nan priorite prensipal nou nan bidjè FY23 la. N ap kontinye konsantre nou tou sou byennèt sosyal ak emosyonèl ak devlopman, paske nou rekonèt elèv yo pral bezwen tan, swen ak atansyon pou

2 fevriye 2022

yo ka reyisi nan domèn akademik lan. Antanke edikatè, nou te gentan balanse lontan sa a bezwen imedyà elèv nou yo ak yon vizyon pi avanse pou yon avni ki pi briyan. Se poutèt sa, nou pral kontinye adapte ak evolye pou asire pi bon rezilta pou tout elèv nou yo. Nou pral koute moun ki gen enterè nou yo epi aprann de pandemi sa a, epi nou pral aplike sa ki te mache nan estrateji nou an ak Reimagine nouvo posiblite yo, ouvè pi gwo opòtinite pou elèv nou yo. Nou pa kapab tounen nan monn ki te la avan pandemi an, e ak bon rezon: sistèm nan jis pa t mache pou twòp nan elèv yo.

Nou pral fè pwogrè nan direksyon pou objektif sa yo ak nouvo investisman ki soti nan Majistra Wu ak Vil Boston. Nou te ogmante sipò finansye san parèy nan men Vil nou an pou konstwi “Garanti Kalite” nou an. Sèvi ak yon envestisman fonksyonman \$100 milyon dola pandan twazan, n ap travay pou garanti yon sèvis debaz nan tout lekòl yo atravè yon eksperyans bon jan kalite pou kèlkeswa lekòl, pwogram oswa katye a. Garanti kalite sa a ap grandi pou l enkli Sipò pou Elèv ak Fanmi yo, yon pwogram akademik solid ak enstalasyon 21yèm syèk la, ak anpil opòtinite anrichisman pou tout elèv yo.

Sipò pou elèv ak fanmi: Nou te lanse investisman nou an nan sipò elèv ak fanmi yo nan mete an plas yon enfimyè aplentan nan chak lekòl nan SY20. Nou te bati sou fondasyon sa a nan SY21 pandan nou te retounen nan aprantisaj an pèsòn ak adisyon Lyezon Fanmi yo pou kiltive konfyans epi bay fanmi nou yo sipò ki nesèsè yo; epi nou te ajoute omwen yon Travayè Sosyal aplentan nan chak lekòl pou sipòte bezwen sosyal-emosyonèl elèv yo. Investisman sa yo te kòmanse anvan pandemi an, men yo te sèlman pwouve yo pi enpòtan nan efò jeneral nou pou Retounen an fòs ak Rekipere an byen.

Pou ajoute nan ekip sipò sa a nou tap bati a, ane sa a nou ap investi nan konseye akademik ki baze sou lekòl yo. N ap investi pou sipòte tout lekòl Pre-K jiska 12yèm ane nan konpreyansyon pwofil elèv nou yo apre pandemi an pa limite a yon sèl klas, men li nesèsè nan tout klas yo. Lidè lekòl yo bezwen sipò kontinyèl nou pou kowòdone rekipirasyon an atravè ekip sipò pou elèv nou yo, plan siksè nou yo, ak bay elèv nou yo bezwen sosyal emosyonèl, tankou: plan aprantisaj endividyèl, IEP edikasyon espesyal, travay ak Vizyon pou kontwòle ak rann tèt nou responsab pou plan siksè yo, epi revize done elèv k ap aprann anglè nou yo pou asire n elèv nou yo ap atenn objektif akademik yo epi yo satisfè bezwen yo. Nou kwè ke nouvo pozisyon sa yo pral awondi rezo a pou sipòte direktè yo ak Ekip Sipò Elèv yo nan lekòl yo.

Pwogram ak Akademik: Objektif nou se kreye pwogram ak ansèyman ki gen bon jan kalite, ki solid, ki se yon pwogram ki reponn an fòs ak ras ak kilti yo epi ki mennen nan yon chemen akademik solid. Travay ekip nou an se rekonfigire distri a pou debloke resous yo epi reponn a enskripsyon yo k ap bese. Ane sa a, nou te pran desizyon difisil pou fèmen twa lekòl nan kad plan Komite Lekòl la apwouve pou rasyonnalize kantite konfigirasyon lekòl yo pou redwi kantite tranzisyon elèv yo bezwen fè pandan karyè akademik yo nan BPS. Nou te rekonfigire tou 15 lekòl primè pou ajoute klas 6yèm ane epi agrandi twa lòt lekòl segondè pou mete klas 7yèm ak 8yèm ane. Travay sa a bati sou 17 K-6 ak 3 lòt agrandisman 7-12 sou 3 dènye ane yo ki bezwen kontinye nan ane k ap vini yo pandan n ap pwogrese nan objektif nou pou yon pwen tranzisyon pou elèv nou yo.

Antretan, nou ap travay ak lidè lekòl yo pandan sezon bidjè sa a pou nou bay aksè a MassCore nan nivo segondè ak aksè a plis konseye, patikilyèman nan nivo 9yèm ane eskolè kote nou te

2 fevriye 2022

bese rapò nasyonal elèv ak pwofesè pa 100 elèv. 1:150, olye de 1:250 pou bay bon kantite sipò ki nesese apre pandemi sa a pou atenn nouvo estanda gradyasyon sa yo. Nou te ajoute tou plis edikasyon fizik, atizay, mizik, ak anrichisman akademik nan orè elèv yo. Sa a se travay nou pral reyalize nan tèt kole ak ekip direksyon lekòl yo pou revize alokasyon ki egziste deja pou chak lekòl ak fason yo pwograme elèv yo. Mwen fyè espesyalman de travay sa a ki gen pou nomalize egzijans gradyasyon yo nan tout lekòl segondè yo epi mete nivo a wo nan preparasyon pou kolèj ak fè karyè, pandan n ap fè efò pou nou atenn objektif estratejik nou yo ki se akselere aprantisaj ak yon opòtinite ekitab pou tout moun.

Etablisman: Bidjè FY23 nou an ap kontinye envesti nan reparasyon enstalasyon atravè Bidjè Fonksyonman nou an epi yo pral fè envestisman enpòtan nan nouvo enstalasyon yo atravè Bidjè Kapital nou an. Bon kalite garanti nou genyen pral pote plis jimnaz, bibliyotèk, ak oditoryòm kote ki potko genyen yo. Atravè nouvo bilding yo, nou ajoute espas esansyel ki manke nan enstalasyon nou genyen ki deja egziste yo: espas enfimyè, konsèy, sansoryèl ak terapeitik, ak aprantisaj deyò, jaden ak espas pou jwe. N ap poze baz pou envestisman sa yo, men nou rekonèt sa ap pran plizyè ane ak yon bonjan atansyon pou n jwenn rezilta elèv nou yo merite.

Aprantisaj pwolonje ak pèfeksyonman: dènye domèn nan garanti bon jan kalite nou an se aprantisaj pwolonje ak pèfeksyonman. Nan bidjè fonksyonman nou an, nou pral gmanje aksè a bon kalite materyèl bibliyotèk. Pandan n ap elaji nouvo konsepsyon lekòl segondè nou an, n ap kontinye envesti nan espò nan nivo elemantè, mwayen ak segondè.

Finalman, mwen vle abòde pwoblèm enskripsyon an. Li difisil pou nou kontinye fè eksperyans bès nan enskripsyon nan lekòl nou yo. Sa rive lajman akòz pi gwo tandans demografik; gen mwens elèv k ap viv nan Boston epi k ap vini nan distri lekòl nou an pandan pousantaj nesans lan ap bese epi pri pou moun viv a kontinye ap monte. Plan nou se kontinye sipòte lekòl yo pandan peryòd enstabilite sa a ak fon ralantisman ekomik. Nou konnen sa a se sèlman yon solisyon a kout tèm. Nou bezwen fè pi gwo ajisteman nan tout sistèm nan — epi avèk bon èd ou, n ap rive oframezi. Se poutèt sa, menm jan nou te fè ane pase, nou te bay plis finansman ki pat nan weighted student funding pou kenbe pwogram ak sèvis pou elèv yo. Nan ane fiskal 22, total fon ralantisman ekomik pou lekòl yo te 27.4 milyon dola; nan ane fiskal 23, n ap bay \$54.1 milyon dola nan ralantisman ekomik (yon ogmantasyon de 26.7 milyon dola). Nou konnen ke fon ralantisman ekomik sa a enpòtan pou nou ane sa a pandan n ap kontinye rekipere apre pandemi an, men nou konnen tou li pa dirab alontèm. Kòm yon distri nou pral kontinye sipòte lekòl nou yo, pandan n ap konprann tou a kisa fiti bidjè yo pral sanble.

Pandan tout tan pandemi an ap kontinye defye nou, li te ankouraje tou kreyativite ak mennen inovasyon nan fason nou panse sou bezwen elèv nou yo ak fason nou fè travay nou an. Bidjè sa a ofri yon opòtinite san parèy pou patenarya ak Majistra a, Konsèy minisipal la ansanm ak komite sa a pou fè pwogrè nan lide pou atenn objektif nou genyen pou gen menm chans ak ekselans pou tout elèv yo. Mwen espere travay ansanm ak nou tout pou fè objektif sa yo yon reyalite. Mèsi davans pou kolaborasyon w ak angajman w anvè elèv nou yo. Kounye a mwen pral pase lapawòl ak manm Komite Lekòl nou an pou reponn nenpòt kesyon sou rapò mwen an, epi annapre w ap tandè Ofisye Finansye an Chèf nou an, Nate Kuder, Ofisye Adjwen Chèf Finansye a, David Bloom, Direktè adjwen Akademik la, Drew Echelson ak mwen menm, ki pral prezante pwopozisyon Bidjè FY23 ofisyèl la.

2 fevriye 2022

Sa se Rapò Direktè Jeneral mwen an pou aswè a.

Mesye Cardet-Hernandez te pale sou pwoblèm done gradyasyon yo, li te mete aksan sou enpòtans pou jwenn epi kenbe konfyans piblik la. Li te mande pou Direktè Jeneral la ak ekip li bay yon echantiyon estatistik enpòtan nan done gradyasyon yo nan yon efò pou rebati konfyans ak fanmi yo.

Direktè Jeneral la te di li te pwopoze epi finanse yon Biwo Jesyon Risk ki pral abòde pwoblèm konfòmite ak verifikasyon an. Li te di anpwayer moun pou pozisyon sa yo te difisil, li site manke travayè, men li te di se yon priyorite pou administrasyon li a. Mesye Cardet-Hernandez te envite anplwaye biwo santral yo pou yo bay lekòl ki gen pwoblèm pou jwenn dokiman ki nesèsè yo sipò.

Madam Luo mande si yo pral bay plis finansman nan lekòl kote konfigirasyon klas yo ogmante. Direktè Jeneral la te eksplike dapre fòmil Weighted Student Funding la, finansman an vini apre elèv yo.

Mesye O'Neill te di li sansib a difikilte ki genyen nan swiv dokiman yo epi li mande eklèsisman sou echèl pwoblèm nan. Direktè Egzekitif Senyò nan Biwo Done ak Responsablite Monica Hogan te eksplike ke odit eta a pa t gade yon echantiyon estatistik ki valab, sa ki fè li difisil pou kalkile kisa pousantaj nan yon pi gwo kòwòt ta dwe ye. Mesye O'Neill te repete kòmantè Mesye Cardet-Hernandez sou enpòtans konfyans ak transparans. Li te ankouraje distri a pou li anplwaye imedyatman pou pòs Jesyon Risk yo epi li ankouraje Direktè Jeneral la pou kolabore ak manm ansyen Gwoup Travay kontwòl kontab Entèn yo pou jwenn kandida ki kalifye yo. Chèf Teknoloji Mark Racine te klarifye pwoblèm ki endike nan kontwòl kontab la pa vle di yo te itilize move kòd retrè, sèlman dokiman yo te bay la te pat konplè.

Madam Lopera mande ki sipò distri a ap bay kominote Lekòl Elemantè King ak Trotter pou sipòte tranzisyon akòz rekonfigirasyon klas yo te planifye yo. Li te mande si lekòl yo ta ajoute plas pou timoun piti. Direktè Jeneral la te di lidè lekòl yo te idantifye yon kowòdonatè tranzisyon k ap travay dirèkteman ak Biwo Sèvis Akèy epi rankontre fanmi yo sou chwa pou pwochen ane lekòl la. Konseye Senyò Megan Costello te di lekòl yo ap òganize reyinyon ak fanmi yo. Mesye Kuder te di distri a p ap planifye pou ajoute plas K0 nan lekòl sa yo sezon otòn sa a.

Madam Robinson te ankouraje distri a pou angaje ak fanmi yo nan Trotter ak King Schools.

Madam Luo te ankouraje distri a pou l angaje li ak lidè elèv nan Burke High School sou enpak ogmantasyon lekòl sa a.

Apwouve – Nan apèl, tout Komite a te apwouve Rapò Direktè Jeneral la.

KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL

Moun sa yo te defann pou ogmante klas PA Shaw Elementary School:

- Franchesca Jeanty, rezidan Dorchester ak elèv Shaw

2 fevriye 2022

- Adriana Wade Smith, rezidan Mattapan ak elèv Shaw
 - Claire Malcolm, rezidan Dorchester ak paran Shaw
 - Darius Anderson, rezidan Mattapan ak paran Shaw
 - Navon Anderson, rezidan Mattapan ak elèv Shaw
 - Claudia Fernandez, rezidan Dorchester ak paran Shaw
 - Dominique Alston, rezidan Dorchester ak paran Shaw
 - Sabine Ferdinand, rezidan Stoughton ak pwofesè Shaw
-
- Mike Heichman, rezidan Dorchester ak manm Boston Education Justice Alliance, te temwaye konsènan yon seri pwoblèm edikasyon.
-
- Edith Bazile, rezidan Dorchester ak defansè, te temwaye konsènan sipò pou elèv ak edikatè Nwa yo
-
- Sharon Hinton, rezidan Hyde Park ak defansè, Black Teachers Matter, te temwaye konsènan Pwotokòl Akò ant Boston Public Schools ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè MA.
-
- Cheryl Buckman, rezidan Sid Boston ak paran BPS, te temwaye konsènan pwotokòl sante ak sekirite COVID yo.

RAPÒ

Nominasyon Gwoup Travay Elèv k ap Aprann Anglè - Madam Robinson te nome manm Komite Rafaela Polanco Garcia pou sèvi kòm ko-prezidan Gwoup Travay Komite pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) ansanm ak ko-prezidan Suzanne Lee ki la depi anpil tan. Madam Polanco Garcia pral ranpli wòl lidèchip Ernani DeAraujo te jwe, kote manda Komite Lekòl la te ekspire nan mwa janvyè. Madam Robinson te nome Roxi Harvey, prezidan Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal Boston (SpEdPAC), pou sèvi kòm manm Gwoup Travay ELL a.

Madam. Polanco Garcia se paran BPS ak imigran ki gen yon eksperyans nan lalwa ak pran defans bileng. Militans li pou kominote Latino a nan edikasyon gen ladan travay sou kanpay No on 2 an 2016, ede yo vote yon rezolisyon lekòl sanktyè, ak vote Lwa sou Opòtinite Elèv la. Depi 2015, li te sèvi kòm Direktè Patisipasyon Paran ak Òganizasyon nan Pwogram Jèn St. Stephen nan South End. Madam Harvey se yon paran BPS ki te sèvi kòm prezidan SpEdPAC depi 2019, ki reprezante plis pase 10,000 elèv BPS ki gen andikap. Li t ap patisipe nan reyinyon Gwoup Travay ELL kòm yon manm piblik la pou plis pase yon ane, li pote pil konesans li sou pwoblèm edikasyon espesyal.

Se Komite Lekòl Boston etabli l an 2009, Gwoup Travay ELL la sèvi kòm yon kò siveyans epi patnè refleksyon ki sipòte BPS nan abòde bezwen distri nou an ki chak jou pi plis konsène plizyè kilti ak plizyè lang. Prèske youn nan chak de elèv pale yon lang ki pa anglè lakay yo epi elèv yo soti nan 139 peyi diferan.

2 fevriye 2022

Madam Polanco Garcia te di se yon onè pou li pou l sèvi nan Gwoup Travay la. Madam Lopera te pale an Anglè ak an espanyòl pou li te felisite Madam Polanco Garcia epi remèsye li pou volonte l pou jwe wòl sa a. Doktè Alkins te dekri li kòm yon opòtinite pou bay kominote meprize yo plen pouvwa ak ranfòse sipò lang natif natal. Madam Luo te pale sou eksperyans li kòm yon moun k ap aprann anglè epi li felisite Madam Polanco Garcia. Mesye O'Neill te remèsye Madam Harvey pou sèvis li. Komite a pwograme pou vote sou nominasyon Gwoup Travay ELL yo nan dat 15 fevriye 2022.

Rekòmandasyon Bidjè Preliminè Ane Fiskal 2023 (FY23) Direktè Jeneral la - Direktè Jeneral a te prezante bay Komite Lekòl la Rekòmandasyon Bidjè Preliminè pou Ane Fiskal 2023 (FY23) li ki totalize a apeprè \$1.3 milya dola, yon ogmantasyon \$40 milyon dola sou bidjè ane fiskal aktyèl la. Direktè Finans Nate Kuder, Direktè Jeneral Adjwen kesyon Etid Drew Echelson, ak Direktè Adjwen kesyon Etid ak Direktè Jeneral Asistan Pwovizwa pou Biwo Elèv k ap Aprann Anglè Farah Assiraj te prezante ak Direktè Jeneral a.

Bidjè yo pwopoze a, ki pral sibi yon pwosesis revizyon piblik ki dire yon semèn, reprezante pi gwo afektasyon Vil Boston poko janm fè nan BPS e li genyen envestisman ki vize nan:

- Devlope epi aplike yon Kad Garanti Kalite - \$37.8 milyon dola
- Sipòte rezilta akademik akselere pou elèv - \$26.7 milyon dola
- Resous pou adopte totalman kourikoulòm MassCore - \$9.4 milyon dola

Finansman an mache ak Plan Estratejik senk ane BPS la epi li rete konsantre sou rekiperasyon akademik pou elèv BPS yo - ak yon konsantrasyon espesyal sou moun ki pi nan bezwen yo. Bidjè a kontinye planifikasyon pou konsantre sou byennèt ak devlopman sosyal ak emosyonèl elèv yo, paske yo rekonèt chak elèv bezwen tan, swen, ak atansyon pou yo reyisi nan domèn akademik.

BPS prevwa resevwa yon ogmantasyon \$40 milyon dola, sa ki reprezante yon ogmantasyon 11% sou alokasyon ane pase a. Finansman pou chak elèv ap ogmante ane pwochèn nan prèske \$2,200 dola pou chak elèv epi li te ogmante nan prèske \$6,400 dola (31%) pandan 3 dènye ane yo, soti nan apeprè \$20,700 dola nan Ane fiskal 20, \$21,700 dola nan Ane fiskal 21, ak \$24,900 dolanan Ane fiskal 22, rive \$27,100 dola nan Ane fiskal 23.

Envestisman pou rekiperasyon ki jis yo pral kontinye sipòte dirèkteman elèv pandemi an te plis frape. Anplis de sa, finansman federal pral kontinye ranfòse reentèpretasyon kilti BPS alavni, gide aplikasyon Plan Estratejik la, sipòte angajman BPS pou l vin yon distri ki kont rasis, ak avanse rezilta ki jis pou tout elèv, sitou elèv koulè yo, elèv k ap aprann Anglè, elèv ki gen andikap, ak elèv k ap fè fas a povrete.

2 fevriye 2022

BPS te lanse investisman li pou sipò elèv ak fanmi lè li te mete yon enfimyè aplentan nan chak lekòl nan Ane Lekòl 20, bay plis sipò nan Ane Lekòl 21 pandan elèv yo ak anplwaye yo te retounen nan aprantisaj an pèsòn ak plis moun ki an kontak ak Fanmi yo pou gen konfyans epi bay fanmi yo sipò nesèsè. Depi lè sa a, BPS te ajoute travayè sosyal aplentan nan chak lekòl pou sipòte bezwen sosyal ak emosyonèl elèv yo. Investisman sa yo te kòmanse anvan pandemi an, men yo te enpòtan anpil nan efò jeneral pou BPS Retounen fò epi byen Retabli. Avèk bidjè Ane Fiskal 23 a, BPS fè plan pou kontinye bati sou ekip sipò sa a lè l'investi nan konseye akademik ki baze nan lekòl pou ede konplete rezo sipò pou ede direktè yo ak Ekip Sipò Elèv nan lekòl yo.

Boston Public Schools ap fè gwo efò pou kreye yon kourikoulòm kalite siperyè, solid, ki ouvè a ras epi kilti, ak ansèyman ki solid epi ki mennen nan pwogram akademik solid. Sezon bidjè sa a, BPS ap travay ak lidè lekòl yo pou bay aksè a MassCore nan nivo segondè, ak aksè a plis edikasyon fizik, penti, mizik, ak anrichisman akademik nan orè elèv yo. Yo mete \$6.2 milyon dola nan bidjè Ane Fiskal 23 a pou sipòte tout lekòl segondè yo pou aplike MassCore nan klas 9yèm ane pou mete nivo a wo pou preparasyon pou Inivèsite ak karyè pandan BPS ap fè gwo efò nan objektif estratejik aprantisaj akselere ak yon opòtinite ki menm pou tout moun.

Bidjè Ane fiskal 23 a pral kontinye investi tou nan reparasyon enstalasyon yo atravè bidjè fonksyonman an, epi BPS pral fè investisman enpòtan nan nouvo enstalasyon yo atravè bidjè kapital la. Kad Garanti Kalite a gen pou objektif konstwi plis jimnaz, bibliyotèk, ak oditoryòm, epi li pral ajoute espas nesèsè ki manke nan enstalasyon ki egziste yo. Anplis de sa, bidjè a pral pouse pi devan Kad Garanti Kalite BPS la atravè elajisman aksè a bon jan kalite materyèl bibliyotèk. Pandan BPS ap kontinye elaji travay nouvo konsepsyon lekòl segondè yo, pral kontinye gen investi nan espò nan nivo elemantè, fondamantal ak segondè pou asire plis aprantisaj ak aktivite ki fè elèv fè travay ki entèrese yo.

Investisman kle nan bidjè Ane Fiskal 23 yo pwopoze a genyen ladan yo:

Garanti Kalite

- \$7.8 milyon dola pou plis aksè nan bibliyotèk
- \$7.2 milyon dola pou elaji Sipò Sosyal ak Emosyonèl
- Investisman \$22.8 milyon dola nan enstalasyon kalite siperyè

Rezilta akademik yo

- \$5 Milyon dola pou sipòte pwogram ki gen de lang ak lang natif natal
- \$10 milyon dola pou elaji Konsèy akademik 8yèm ane
- \$6.7 milyon dola pou reentèprete kilti lekòl, pratik, ak estrikti pou elèv ki gen andikap
- Investisman \$5.9 milyon dola nan Alfabetizasyon san patipri

Patisipasyon MassCore

- \$6.2 milyon dola pou sipòte aplikasyon MassCore nan tout lekòl segondè nan klas 9yèm ane
- \$3.2 milyon dola pou lòt konseye pedagogik klas 9yèm ane

2 fevriye 2022

Depi ane fiskal 20, BPS te wè yon ogmantasyon \$2 milyon doala nan finansman ki baze sou enskripsyon yo, \$49 milyon dola pou ralantisman ekomik nan lekòl, ak \$44 milyon dola nan pozisyon yo bay nan Kad Garanti Kalite a. Fon pou ralantisman ekonomik la ale nan lekòl ki gen yon bès nan enskripsyon yo pou anpeche yon rediksyon nan sèvis yo. Ogmantasyon investisman sa yo, ansanm ak Fon Sekou an Ijans pou Lekòl Elemantè ak Segondè (ESSER), bay BPS yon opòtinite san parèy pou investi plis nan siksè elèv yo.

BPS te lanse yon nouvo pwojè enteresan pou reentèprete kisa modèl finansman lekòl yo sanble, asire ke modèl la reflekte priyorite elèv yo ak fanmi yo, pandan l ap sipòte pwogramasyon inik nan lekòl yo san patipri epi asire yon garanti kalite nan chak lekòl. Devlopman yon fòm finansman ki pi jis pral sipòte pwogramasyon inik nan lekòl, pèmèt lekòl yo finanse pozisyon ak pwogramasyon ki pa konfòm yo, pèmèt lekòl yo fè elèv yo fè yon eksperyans edikasyon ki solid kèlkeswa nivo enskripsyon bese, epi pouse elèv ki gen gwo bezwen yo devan.

Komite Lekòl la ak Direktè Jeneral la pral òganize tou twa odyans sou bidjè adistans ak posibilite pou piblik la patisipe:

- Jedi 10 fevriye a 5 pm — Odyans sou bidjè a te konsantre sou bidjè lekòl
- Madi, 1ye mas a 5 pm — Odyans sou bidjè a te konsantre sou bidjè biwo santral
- Mèkredi 16 mas a 5 pm — Odyans sou bidjè pou Ekip Finans lan pou abòde kesyon sou pwopozisyon final Ane Fiskal 23 a.
- Mèkredi 23 mas a 5 pm — Reyinyon Komite Lekòl la ak Vòt Bidjè Ane Fiskal 23

Doktè Alkins te mande enfòmasyon sou estrateji alontèm distri a pou sipòte pwogram fon ESSER ap finanse yo, ansanm ak previzyon enskripsyon alavni. Mesye Kuder te di estrateji finansman ESSER a te konsantre sou efò rekiperasyon pandan pandemi an e ke investisman sa yo pa ta dwe nesè pou pi devan. Depans kontinyèl yo ta dwe fè pati bidjè fonksyonman distri a epi yo pa pou anplwaye. Mesye Kuder te di BPS prevwa bès nan enskripsyon pandan plizyè ane.

Mesye Cardet-Hernandez te mande klarifikasyon sou investisman ESSER yo. Mesye Kuder te esplike ke kèk finansman ESSER yo ap depanse nan pozisyon anplwaye pou sipòte rekiperasyon elèv apre pandemi an. Mesye Cardet-Hernandez te mande kantite pòs fon ESSER yo finanse. Li te mande kijan BPS ap planifye pou bès nan enskripsyon yo. Mesye Kuder te di distri a ap ajiste kapasite lekòl yo kote sa apwopriye. Li te pale sou defi ki genyen nan ajisteman pou kapasite enskripsyon, epi li te ajoute distri a pral oblije angaje nan konvèsasyon difisil alavni.

Madwazèl Lopera te poze kesyon sou estrateji distri a pou ogmante enskripsyon nan premye klas yo. Mesye Kuder te di Biwo Sèvis Akèy la ap dirije efò sa a. Li te di BPS bezwen pi byen kominike garanti bon jan kalite li a. Madam Lopera te ankouraje distri a pou pi byen kominike estrateji enskripsyon li a epi vrèman angaje ak kominote a. Direktè Jeneral la te pale sou estrateji kominikasyon ak maketin distri a.

Madam Lopera ak Mesye Cardet-Hernandez te pale sou defi ki genyen pou fè pwosesis enskripsyon BPS la.

Mesye Kuder te di Chèf Responsablite Eva Mitchell pral bay Komite a yon mizajou sou ESSER.

2 fevriye 2022

Madam Polanco Garcia te ekspriye sipò pou investisman MassCore. Li sijere pou mete òganizasyon kominotè nan pwosesis planifikasyon an.

Madam Luo te poze kesyon sou tranzisyon elèv yo. Mesye Kuder te eksplike estrateji rekonfigirasyon klas distri a ak sipò tranzisyon distri a bay fanmi yo. Li te di li menm ak ekip li a planifye pou rankontre ak Boston Student Advisory Council (BSAC) pou diskite sou pwopozisyon bidjè Ane Fiskal 23 a.

Doktè Alkins te mande kijan distri a ap prepare pou fen finansman ESSER. Mesye Kuder te di ekip bidjè a pral diskite sou finansman ESSER nan odyans sou bidjè 1ye mas la ki konsantre sou bidjè santral yo.

Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje distri a pou li pi klè sou sa fanmi yo ka atann kòm yon pati nan garanti bon jan kalite a. Li te mande sou sipò epi tès depistaj sosyal ak emosyonèl. Direktè Jeneral la te di l ap pataje rezilta Sondaj sou Konpòtman Riske Jèn BPS la lè li disponib.

Mademwazèl Luo ankouraje distri a ranfòse kominikasyon l sou resous sosyal ak emosyonèl ki disponib pou elèv yo. Li te pale sou enpòtans travayè sosyal yo epi bay konsèy pou elèv ki pa vle swiv pwogram inivèsite tradisyonèl la. Direktè Jeneral la te pale sou opòtinite yo te bay nan Madison Park Technical Vocational High School ak wòl enpòtan konseye pedagogik yo. Li te di l ap bay enfòmasyon sou divèsite rasyal ak lengwistik nouvo anplwaye yo.

Mesye O'Neill te remèsye Direktè Jeneral la paske li te jwenn \$100 milyon dola finansman nan men Vil la pandan twazan. Li te ekspriye enkyetid konsènan varyasyon ki ka genyen nan finansman ESSER alavni, e li te ajoute chechè fè ekilib se bagay ki vrèman difisil. Li te di ke pwojeksyon bidjè distri a ka yon ti jan konsèvatè, e li ajoute Konsèy Lekòl Gran Vil yo avèk pridans sèten, pral gen ogmantasyon nan finansman Tit I.

Madam Robinson te note itilizasyon fon ralantisman ekomik distri a te ogmante anpil nan dezan ki sot pase yo. Li te mande yon analiz sou lekòl ki te resevwa plizyè fon ralantisman ekomik nan dènye ane yo. Li te di se finansman distri a pa ta dwe sipòte enpak sou bilding, men enpak sou elèv.

Mesye Kuder te eksplike distri a bay lekòl yo fon ralantisman ekomik pou bese enpak ti varyasyon nan enskripsyon yo. Li te di ogmantasyon nan fon ralantisman ekomik se yon estrateji ki byen kalkile pou sipòte rekipirasyon lekòl yo apre deranjman pandemi an lakoz la. Li te ofri pou l pataje plis enfòmasyon sou fon ralantisman ekomik nan odyans sou bidjè 10 fevriye a, ansanm ak yon lis avètisman lekòl yo.

Madam Robinson te mande si yo sèvi avèk Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal la pou yo kreye bidjè ak pwogram lekòl. Mesye Kuder ak Mesye Bloom te pale sou wòl tablewonn jistis ki baze nan lekòl nan pwosesis planifikasyon bidjè a, e yo te ajoute gen sèten ka kote distri a pral sèvi ak yon analiz Jistis rasyal sou desizyon espesifik ki vize yo. Yo te mete aksan sou enpòtans fondasyon pou garanti kalite nan sipòte ajanda Jistis distri a.

2 fevriye 2022

KÒMANTÈ PIBLIK SOU RAPÒ

Okenn.

NOUVO BIZNIS

Okenn.

RANVWAYE

Nan apeprè 9:35 pm, yo fè apèl, tout Komite a te vote, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif